


CHAPUPU

 Hama Don, maita henyu. Izvi zvaita sekundishamisa pakarepo. [Mumwe munhu anoti, “Kwakanaka.”—Mupepeti] Zvakanaka, iri. . . [“Ameni.”] Maita henyu, uyo ataura izvozvo. [“Ndadaro.”] Maita henyu, zvikuru.

² Ndanga ndichinakidzwa nenziyo idzodzozvo. Ini zvangu, ndinofarira kunzwa izvozvo! Munoziva, ndinoda kuimba kwakanaka, uye ndinonzwa kwakawanda kwacho pandinouya zasi kuno. Kazhinji handisi. . . Pandinouya zasi kuno, ndiine shumiro dzekupodza kana zvimwewo, ndinofanira kuita sokugara ndiri ndega, ndiri pachezvangu, uye zvadaro vakomana vanotora matepi aya. Uye zvino kana ndasvika kumba, kana ndine rimwe basa rekuita muhofisi, zvino ndinogara pasi ndoteerera kune matepi iwayo, ndichiadzokorora kakawanda. Uye ndinonzwa zvose zvakataurwa.

³ Uye ndinofara kuona Hama Gerholtzer pano mangwanani ano, shamwari yekare yeEvhangeri; kwemakore mazhinji apfuura vaive kunze mubasa rimwe chete, vachinamatira varwere, pamwe makore akawanda kumashure ndisati ndaziva nezvekunamatira vanorwara. Zvino saka, nevamwe varume pano, shamwari dzepedyo. Ndakaona mhomo huru pano husiku hwapfuura vakabva kutabhenakeri kumusoro uko kuJeffersonville. Zvino saka isu tiri kufara kwazvo.

⁴ Uye ndakasangana naHama Young Brown. Ndakati, “Hama Jack vakati zita ravo raive ‘Young,’ uye rinovakodzera.” Pavakandiudza kuti vaive nemakore makumi matanhatu neanorudzira okuberekwa, ndakatadza kuzvitenda. Havana kumboshanduka napadiki zvapo kubvira panguva yokutanga kunze kuno kuShreveport. Ndizvozvo chaizvo, vachiri kutaridzika zvimwe chetezvo.

⁵ Zvakanaka, Mwari vakanaka kwatiri. Uye ndi—ndinofarira idzo, nzira iyo nziyo mangwanani ano, ne—nehudzamu kwadziri; chimwe chinhu chemazvirokwazvo, chimwe chinhu chino—chino—chinoreva chimwe chinhu. Unogona kuchinwa mauri. Ini—ini ndatadza kuzvidzora kubva pakuchema chaiko nezwi guru, pandavanzwa ivo vachiimba rwiyo rwuya, nezvechimwe chinhu pamusoro peMapisarema 23 ipapo. Uye zvino—zvino ndokuuya, zvino rwiyo urwu rwakanakisa rwavachangobva kuimba, vatatu vaya apo. Kungofunga nezve. . .

⁶ Pane chimwe chinhu mazviri, chaunonzwa mukati mako, manyawi ako achipfakanyika, woziva kuti Humambo hwaMwari hwava pedyo. Zvinhu zvose izvi zvatakataura nezvazvo nekushamisika nazvo, zvave kuda kuitika. Vamwe vedu vanogona kuvata nguva iyoyo isati yasvika, asi izvozvo

hazvingadzivise rumuko rweedu, nokuti, zvinopa mu—mukana wekuuya vamwe vaya vasati vashandurwa.

⁷ “Hwamanda yaMwari icharira; vakafa muna Kristu vachatanga kumuka; zvino isu vapenyu uye vakasara.” Makambocherechedza here hurongwa hwerumuko? “Tichabvutwa pamwe chete navo.” Tinosangana mumwe nemumwe tisati tasangana naYe. “Tobvutwa pamwe chete kuti tisangane navo...pamwe navo, kunosangana naShe muchadenga.”

⁸ Munoono, iYe ndiMwari, uyezve kana Achida kunamatwa, ndizvo zviriri hunhu hwaKe chaihwo, kunamatwa, nokuti iYe ndiMwari. Uye Anoziva kuti dai takazenge tiriko, uchitarisa kunze nepakona yeziso rako, uchida kuona kana mumwe wako ariko, asi, uyezve haingazove nzira yakakwana yekunamata kwakasununguka. Patinomira ipapo, uye—uye isu tichiziva kuti takasangana kutanga, uye tikakwazisana, uye zvino tomira pedyo naiYe Akakonzera zvese, uye tichiimba dzimbo dzerudzikinuro! SeHama Jack munguva dzakawanda vakaita chitaurwa, “Apo Ngirozi padzichakomberedza nyika, nemisoro yakakotamiswa, dzisingazive zvatiri kutaura pamusoro pazvo.” Munoono, nokuti hadzina kumbobvira dzakadzikinurwa. Asi isu taifanira kudzikinurwa, uye tichazoMugadza korona saMambo wamadzimambo naIshe wamadzishe.

⁹ Handizivi zvekutaura. Handina kufunga nezvekutaura chero chinhu; Ndangouya pano. Ndinofungidzira kuti inguva yezvapupu, kungopawo chapupu. Uye saka, manheru ano, Ishe vachitendera, ndinofunga...Ndatarisa pane hurongwa hudiki, zvino ini...hwemi—misangano, uye ndinofunga ndichaunza mharidzo yangu manheru ano, yepaEsta kana, ndiregerereiwo, mharidzo Yokupa kutenda manheru ano. Uye zvino tinoda kuti titore zvino, pamwe vhiki rose, kana Ishe vakatendera, kunamatira vanorwara. Tinoda kuti muungane, mushure meiyi jubheri diki yeKupa kutenda, inova rangaridzo yemusangano mukuru wakaitwa kuno imwe nguva kuShreveport, mashoma...angaita makore matatu apfuura, pamakava nechizaruro ichi chekuuya muno. Uye Ishe vakanyatsoropafadza zvine simba pano mumusangano iwoyo! Uye ndi—ndinovimba kuti Ishe vachaenderera mberi, uye ngapave nemweya inoponeswa pano kusvikira zita rekupedzisira rava muBhuku munzvimbo huru yekurekodha yaMwari Kumusoro, avo vakagamuchira Kristu seMuponesi, vakazadzwa neMweya waKe.

¹⁰ Zvino ngatingokotamisei misoro yedu kwechinguvana. Ndiri kufunga Gwaro pano.

¹¹ Ishe Jesu, tiri vanhu vanotenda zvikuru mangwanani ano, asi zvakadaro tinongogumirwa pane zvekutaura. Dai moyo yedu yaigona kuvhurira mukana kune izvo isu—kune

izvo isu zvatiri kuda, hatizive kuti taizozvibata sei. Uye ipapo, ndokusaka, Makati, “Hakuzove nenzvimbo yakakwana yekutakura maropafadzo ayo Mwari aizodurura pamusoro pedu.” Uye tinotenda nekuda kweizvi. Uye isu tinongonamata, Ishe, sezvatiri kukotamisa misoro yedu mukuyemura iMi, kuti Muchagamuchira kupa kutenda kwedu. Pane zvinhu zvakawanda kwazvo zvatino fanira kutenda nokuda kwazvo, uye hatina kugona kuzviratidza, asi isu tinongoti, “Tinopa kutenda kuna Mwari!”

¹² Zvino pamusoro pezvinhu zvose zvatino tenda pamusoro pazvo, ndeicho Chipo chikuru chaMwari kunyika, apo Mwari vakapa Mwanakomana waVo, kugadzira nzira yerudzikinuro rvedu. Tinotenda zvikuru naIzvozvo! Uye tinoZvimbundira, uye takabvira. . . Ishe, ndinogona kurangarira, kubva ndichiri mukomana mudiki, Ndizvo zvandakararamira. Uye zvino zvandave kukwegura, nokuziva kuti zuva richanyura, kwete dzimwe nguva dzakawanda, kusvikira pandichadaidzwa, uye, zvandakararamira, ndichaenda kunonakidzwa nazvo. Ndinoziva, Ishe, kuti pane vagari vazhinji veHumambo humwe chete, vakamirira saizvozvo, mangwanani ano, kuti nguva iyoyo izouya. Nokuti, ndicho chatakatorera rwendo, rwekuMushumira uye nokuedza kutungamirira vamwe vedu kuHupenyu Husingaperi, iyo nguva huru iyoyo yava kusvika nokukasika. Tinogona kungozvinzwa zvakadaro pakadzika matiri, kuti zviri—zviri pedyo pamwe kupfuura isu zvatino gona kufunga.

¹³ Uye tinonamata kuti Muzotiropafadza zvino, uye moenderera mberi nemaropafadzo eNyu aManga muchitipa mangwanani ano. Uye zvino patava kuverenga chikamu cheShoko reNyu, kana ndima imwe kana mbiri, tinonamata kuti Mweya Mutsvene mukuru uchatora ndima idzi, uye nechapupu, kuitira kukudzwa kwaKe. MuZita raJesu tinonamata. Amen.

¹⁴ Ndakafunga nzvimbo pano, ndinotenda inowanikwa muna—muna VaKorinde, VaKorinde Vechipiri 9, ndima 14, ne 15.

. . . kuburikidza nokukunamatirai, vanokushuvai nokuda . . . *kwenyasha huru-huru dzaMwari pamusoro penyu.*

Mwari ngaavongwe pamusoro pechipo chake chisingagoni kurondedzerwa.

¹⁵ Pauro, pano ari kutaura pamusoro penyasha dzaMwari dziri mauri, Chipo chisingagoni kurondedzerwa, cheMweya Mutsvene, chinogara pakati pevanhu. Akanga achitenda Mwari nezvavaiva nazvo, Mweya Mutsvene wakanga wauya pamusoro pevanhu ava, Chipo chaMwari chisingagoni kurondedzerwa, chakapfuma kwazvo uye chakachena.

¹⁶ Zvino, ini—ini handina kana chinhu mupfungwa dzangu, chaizvoizvo, saka ndafunga kuti ndingopa chapupu chidiki

chechiitiko changu naKristu mumazuva mashoma apfuura. Chaive chakanyanisa kubwinya!

¹⁷ Hupenyu hwangu hwese, munohuziva. Makandinzwa, vazhinji venyu. Zvino ndafunga kuti ndingataure izvi kuitira vamwe vanhu vepatabhenakeri vakagara pano. Ku...Ungano yangu patabhenakeri yakagadzirwa kubva dzingaita nyika nhatu, ari mangwanani, kana tichitaura; Mexico, Canada, United States. Potse-potse ese...Pano rimwe zuva pakanga paine matunhu makumi maviri nemasere akasiyana-siyana, pashumiro imwe chete diki yeSunday school, munoono, matunhu makumi maviri nemasere akasiyana-siyana akamiririrwa. Ndinoda kutaura izvi kupa mbiri kuna Mwari. Mukufamba, ndinofunga kuti...Kuburikidza nemunamato nezvikumbiro, tiri vanamurambiwa sezvataiva, takarambwa nekereke yenyika, pamadanirwo ayo nhasi, tabhenakeri iyoyo yakakura ikava muzinda wakasimba kwazvo wenyasha dzaMwari, kupfuura chero nzvimbo ipi zvayo yandinoziva pasi rose. Handisati ndamboona zvakadaro, zvakaitwa naShe ikoko. Hazvingogoni kurondedzerwa, zvokuti, izvo zvaAri kuita ikoko, mungori mukuzvinipisa, vanhu vachingouya kubva kwese-kwese. Uye isu tinotenda neicho chiteshi chidiki, icho vamwe vanhu vekwakapoteredza munyika vanoungana imomo kuti vanakidzwe nyenasha, uye—uye voparadzira nyasha kune vamwe.

¹⁸ Zvino, hupenyu hwangu hwese, zvaiita sekunge ndaida kuenda Kumadokero. Uye vazhinji venyu makaverenga nyaya nekunzwa matepi.

¹⁹ Shumiro yematepi chinhu chepasi rose, kwese-kwese. Ndinofunga kuti ndeimwe inzira iyo Mwari yavainayo yokuparadzira Mharidzo ichidzokera kunyika dzemahedheni, seri uko kwainofanira kuturikirwa. Uye muGermany, uye nekumwe kwakadaro, vane matepi vanoenda kuungano dzavo, dzemazana nemazana evanhu; zvino vachiisa twunhu twudiki munzeve dzavo, zvino vabva vaiendesa patepi. Uye sekutaura kwandiri kuita, mushumiri anomira ipapo woita zvitauro zvimwe chete, uye nemimwe mitauro, uye ozviburitsa pamberi pemazana. Uye mazana ari kuponeswa nekupodzwa, kuburikidza nematepi ari kuenda pasi rese. Ose ari muChirungu, asi achiturikirwa mune mizhinji, mitauro yakawanda yakasiyana-siyana mumarudzi ari pasi rese. Tinonzwa kubva kwavari, kuburikidza netsamba.

²⁰ Uye zvino ndiri kutaura izvi, chichazova chapupu chedungamunhu kupa mbiri kuna Mwari, kuitira kuti zvigova zvokuti muzonzwisisa muhusiku hunotevera, pane zvandinoda kutaura, kana Ishe vakatendera. Muchanzwisisa. Sezvandaiedza kutaura husiku hwapfuura, nyika iri kusvika panzvimbo yayave kupamuka, pane zvevatongerwo, pamagariro, pane zvehupfumi.

Unoti, “Zvehupfumi? Mari yakawedzerwa!”

²¹ Hongu, asi iri kubva kupi? Takakwereta kubva pamitero ichabhadharwa makore makumi mana kubva nhasi. Yakabhuroka. Haina mari, nyika; kwete nyika ino, asi dzose. Uye hakuna imwe nzira yekuti vangazoiwana zvakare. Uye muteyo wakaiswa kusundidzira nyika ino mune chimwe chinhu. Uye imi mose makachenjera pane izvozvo. Zvakanaka, ndiani ane hupfumi hwenyika yose? Ndiyani akahubata? [Mumwe munhu anoti, “Rome.”—Mupepeti] Chokwadi, yakadaro. Rome ndiyo yakahubata. Uye chero pose patinodaro, patinenge tabhuroka, panzvimbo peaya mabhizimu makuru okutengesa, fodya, hwiski, uye nezvimwe zvakadaro, sezvakaita. . . Vanofanira kuwana mari; zvatinfofanira kuita, zvimwe kuchinja mari kana kukwereta mari. Zvino, kana vakazviita, hudangwe hunenge hwatengeswa, chaizvoizvo, zvakangokwana, uye ndizvo zvinotaurwa neGwaro pamusoro pazvo.

²² Ndinoda kuwana nzvimbo imwe nguva, Ishe vakatendera, apo tende parinouya panzvimbo. Uye ndinotenda kuti munguva pfupi iri kutevera, munguva pfupi ndichaenda pasi rose. Ndine misangano yepasi rose iri kuuya iko zvino. Zvino ndinoda kuwana nzvimbo yandinogona kugara pasi kwemavhiki anenge matanhatu, zvino ndongotora zvinhu izvozvo ndopinda mazviri, munoona, shure nemberi, tichipinda nemuRugwaro.

²³ Uye zvinokatyamadza kuona awa yatiri kurarama mairi! Inondityisa. Inondityisa, kwete nekuti. . . Mumoyo mangu, mabhero emufaro ari kurira, kuziva kuti Kuuya kwaShe kwaswederwa pedyo kwazvo. Asi, chinondityisa, kuziva kuti vazhinji havana kugadzirira nguva yatakatarisana nayo. Ndicho chikamu chakaipa chacho.

²⁴ Vangani venyu vakambonzwa pamusoro penyaya yetsindi kumusoro uko panguva iya? Vazhinji, oo, ndizvo, ndinodaira, kwese-kwese. Chimwe chinhu chidiki chakadaro chakaitika rimwe zuva. Zvino ndakanga ndiri. . . Imi makanzwa nyaya pamusoro pemakomo, ndichiuya zasi, apo Ishe vakanyora zvinhu izvozvo pamakomo rimwe zuva. Ini zvangu, hupenyu hwangu. . .

²⁵ Ini handisi muparidzi. Chero munhu anozviziva. Handisi muparidzi. Asi zvakagadzirwa mu—muchimiro chemweya, che—chekutarisa zvinhu uye nekuona zvinhu zvichifamba, uye nekufanoyambira vanhu kuzvinhu zvichazoitika. Uye zvingori. . . Ndiwo magadzirirwo angu. Ini handigone kuzvibatsira, sekusakwanisawo kwaungaita kuzvibatsira pamagadzirirwo ako. Asi Mwari vakatiisa, mumwe nemumwe, muMutumbi, kuti tiite zvimwe zvinhu. Uye ndinotarisa kufamba kwese kudiki, chinangwa chese, vavariro yese, nokuti zvinhu zvese zvinotungamirwa ne. . . zvinotungamirwa nemweya.

²⁶ Chechi ino yakaiswa pano nechinangwa. Pane mweya uri kuseri kwechechi ino. Zvirokwazvo. Mweya uri kuseri kwemusha wako, kuseri kwechivakwa chese. Kuseri kwezvinhu zvese kune mweya, vavariro, nechinangwa. Chechi ino youya pano kuzokwidziridza zvikuru humwe hurongwa hwevanhu kana chimwe chinhu, ipapo vavariro yayo haina kunaka; asi kana ikaiswa pano kuedza kubudirira pane chimwe chinhu kuitira Humambo hwaMwari, ipapo vavariro nechinangwa, pamwe chete, zvakanaka, kana vavariro ikatungamirirwa nenzira iyoyo.

²⁷ Zvino, ndaifunga, kubvira apo shumiro, uye chinhano chekutanga, chechipiri, nechitatu cheshumiro. Pandakatanga kuuya kuShreveport, ndakakuudza imi vanhu kuti Ishe... unozoiswa maoko ako pamusoro, sepamusoro peruoko rwangu, uye zvaizoratidza zvimwe chete. Uye Mweya Mutsvene hauna kumbobvira wakakundikana kana nguva imwe chete, asi ndokukuudza chaizvo zvakakanganisika newe. Ndakakuudza kareko, izvozvo. Akandiudza zuva riya, kuti, “Pachava nenguva yekuti apo uchaziva zvakavanzika zvemoyo,” ndisingazive kuti Shoko rinoti izvozvo zvichaitika. Ndakanga ndisingazvize izvozvo. Asi Shoko rinotaura kudaro, “Shoko raMwari Munzveri wepfungwa nezvinangwa zvemoyo,” VaHebheru, chitsauko 4.

²⁸ Zvino, Shoko iroro, munoono, haufanire kusiya Shoko iroro. Unofanira kugara chaizvo neShoko iroro, nenzira yaRakanyorwa nayo. Usaisa dudziro yepachivande paRiri. IngoRitaura nenzira yaRakanyorwa nayo. Ndiro Shoko raMwari, uye ndiye Mwari. Mwari neShoko Rake chinhu chimwe chete, chingori chimwe.

²⁹ Zvino sezvandakataura husiku hwapfuura, pane chikamu cheShoko chiripo chezera roga-roga. Uye pane chimwe chizoro chinoburuka, chinoburitsa chikamu ichocho cheShoko rezera iroro. Uye munoono patiri nhasi. Verenga zvatnofanirwa kunge tichiita, zvino unobva waziva kuti tafamba rwendo rwakadai. Ndiri kungoona chinhu chimwe chete chasara, Kuuya kwaIshe Jesu, chero nguva, Kubvutwa kweChechi, uye tinofanira kusangana naYe mumhepo. Zvino zvinhu izvi zvinofanira kuitika muzuva rino, sekuvimbisa kwaAkaita kuti Aizozviita.

³⁰ Uye zvino angaita makore mashanu apfuura, mushure mekunge zvashanda nguva yazvo. Chimwe nechimwe chezvinhano izvozvo chakashanda nguva yacho. Uye Akapa zviratidzo, uye nevazhinji venyu vateereri vematepi, nevamwe vakadaro, munoziva kuti kwaizouya rimwezve danho, zvino iYe akanyatsa kuzviratidza pachena zvakanakwana. Pane murume akagara pano zvino, wandakatarisa, akanga ari apo uye akazviona zvichiitika zvakanakwana sezvandakamboona muhupenyu hwangu. Uye ndokutatora mifananidzo yaCho, yeizvo Ishe Mwari vakataura kuti zvichaitika. Zvino

takaenda ipapo chaipo, zvino heChinoi pachaiva, chaizvo-izvo sezvaAkataura. Zvingangoita . . .

³¹ Seremuna Kurume 17, magazini re*Life* rakabuda muna Kurume, makaona denderedzwa riya reChiedza mumatenga, chiri mudenga mamaera makumi matatu, chakapamhama mamaera makumi maviri nemanomwe. Handiti, hunyoro huri bedzi pamamaera mapfumbamwe mudenga, uye havasi kugona kana kutomboziva kuti chaive chii.

³² Uye takamira pasi pacho, murume agere ari ipo pano zvino, aive akamira ipapo pedyo neni, pakauya Ngirozi nomwe kubva kuna Mwari, dzichioneka dzakamira ipapo, uye dzikandiudza nezvenguva yekupedzisira, nezvizaruro izvi nezvinhu zvemuBhuku reZvakazarurwa, Zvisimbiso Zvinomwe, uye ndokuti, “Dzokera kumusha, zvino imwe neimwe ichaunza Mharidzo.” Izvozvo, ndizvozvo chaizvo. Uye Chakakwira kumusoro chaiko, zvino ndokutanga kushanduka kuita chichena paChaikwidza kumusoro, chichikwira; zvino kuputika kwakazunguza makomo, kusvikira matombo, akakura sebha—bha—bhagidhi, akadonha kubva mumakomo, saizvozvo.

³³ Uye hapana chinhu chaiva pedyo. Kunyangwe bepanhau rakati vakatarisa kuti vaone kuti pakanga paine here chinoita ruzha rwakanyanya, kana ndege, kana chimwe chinhu. Pakanga pasina chinhu, pasina ndege kumusoro, kana chinhu. Kunze kwazvo, ruzha rwendege harwaigona kuzviita.

³⁴ Zvino ipapo zvakafanotaurwa kuti zvichava nenzira iyoyo, mwedzi mitanhatu zvisati zvaitika, mwedzi mitanhatu. Zvino heChinoi icho apo. Zvino sainzi iri kutsvakurudza nhasi, imomo muTucson nenzvimbo dzakasiya-siyana, havagone kunzwisisa kuti chaiva chii kumusoro ikoko. Zvino kana iwe ukawana magazini wotarisa, unogona kuona chimiro chemapapiro Adzo achirimo imomo paDzaikwira mudenga, Ngirozi nomwe. Uye tinoziva kuti zvinhu izvi ndizvo, shamwari. Oo, kana paine nguva yokuti chechi inofanira kunge iri mukuperera kwakadzama, inofanira kunge iri iko zvino. Iye zvino!

³⁵ Asi kungoti, Zvakaita chimwe chinhu kwandiri, mandiri pachangu. Kwemakore mashanu zvino, ndaingonetseka kuti chii chakatsveyama. Ndainzwa mumoyo mangu sekunge ndaive—ndaive ndakatsimbirirwa pasi nechimwe chinhu, uye ini—ini handina kuziva kuti chaiva chii. Munguva yekutsimbirirwa kukuru uku, nezvimwe zvakadaro, ndaingotenderera ndichitenderera, nemunyika yose.

³⁶ Zvino hurumende yakandiisa pasi pekuferefetwa nokuti, patinova nemisangano, mumwe munhu anonyora cheki “William Branham” zvino ndaingoisaina ndoidzoserwa. Uyezve ipapo tine pakachengeterwa zvose—zvose zvemisangano yedu, zvino pavakatarisa pane izvozvo ndokuona kuti yakapinda kunobhadhara misangano. Asika, zvandakasaina zita rangu

kwairi, ndakazvibanidza necheki pachangu, uye vakanditi “ndaiva nechikwereti chehurumende chezviuru mazana matatu zvemadhora.” Uye vairamba kuti ndibude, zvino ndaitofanira kugara pano, nezvimwe zvakadaro, kwenguva huru vachitsvaga mune zvole izvi. Zvino—zvino ini handisi, zvinhu zvole zvakaenda... Vakati, “Hongu, yakaenda mumusanganano, asi vanhu vakanyora cheki kwauri. Uye, iwe pawakaisaina, wakazvibanidza pachako necheki, zvino une zvikwereti zvemitero pairi. Kana wakamboibata kwesekondi muruoko rwako, ichiri yako nokuti wakaisaina.”

³⁷ Ini ndaive ndisingazvize. Handizive hurongwa hwese hwemitemo iyi nezvinhu. Ndaifanirwa kuva nechidhindo kuti ndiidhinde, pane kuisaina. Pandakaisaina, zvinoreva kuti ndeyangu. Zvino ipapo pvakanyatsopinda mune zvataive takachengeta ndokuwana, ipapo, yakaiswa muhomwe uye ikashandiswa saizvozvo. Ndinotora muhora kubva kuchechi yangu, yemadhora zana pasvondo. Hapo pakagara mutirastii, agere apo chaipo, anoziva kuti ndizvozvo. Uye ndizvo zvoga zvandinowana kubva pane izvozvo. Zvino, chaizvoizvo, inobva yangoenda kumusanganano.

³⁸ Zvino, ndakanzwa sekunge ndakatsimbirirwa pasi, kwemakore mana kana mashanu apfuura. Zvakanaka, ndaive ndaenda kuCanada, nguva pfupi yadarika, parwendo rwudiki rwekuenda kunovhima. Zvino pandakadaro, Ishe vakandibatsira kumusoro ikoko kutungamirira rudzi rwose rwechiIndia kuna Ishe Jesu. Uye ndinofanira kudzokera apo—apo nzi—nzizi dzanyungudika chando, kumusoro ikoko, nezvinhu, kunobhabhatidza rudzi rwose, muZita raIshe Jesu; nokuda kwekuporeswa kwemukadzi wechiIndia aifa nemoyo wakanga wakundika, uyo muprisita haaikwanisa kuuya kwaari, kuseri-seri kumasango uko kwandakatotsva kwemaawa, ndiri pabhiza. Kune avo vakagara pano izvozvi, vaivepo pazvakaitika.

³⁹ Uye zvino, ipapo, ndichidzoka zasi, ndakatozomira muColorado, kuti ndishanyire dzimwe dzeshamwari dzangu ikoko, vamwe vashumiri. Ndiri mu—ndiri mutungamiriri muColorado, zvino ndakanga ndichivatora parwendo rwekunovhima. Vaviri kana vatatu vevarume ivavo, vatatu kana vana, vashanu vavo vatori ipo pano zvino vanozviza izvi. Uye kwanga kwakanyanya kuoma muColorado gore rino, sezvakwanga kuri munyika yose. Zvino moto yaive yakanyanya...kwaizove kwakaipisisa kwazvo, saka vakanonotsa mwaka wekuvhima zvisoma.

⁴⁰ Asi tichiri kumusoro ikoko, ndipo pakabuda imwe nyaya yekuti—yekuti kwakanga kuchiyuwa dutu. Uye zvine njodzi kuti unge uri mumakomo panguva iyoyo, nokuti dzimwe nguva ndakaona kuti hawaikwanisa kuona ruoko rwako pamberi pako, kwemaawa nemaawa, uye mafiti makumi matatu echando chinodonha panguva imwe chete, mumaawa mashoma,

pamusoro pako chaipo. Unoparara. Saka ndakaudza hama dzangu, mangwanani iwayo patakanga tave kubuda kunze, ndakati, “Zvino dutu . . .”

⁴¹ Chaizvoizvo varume zana, kana kupfuura, vakange varipo seri kumashure kwedu. Zvino hepano ndokuuya majipi, marori, nezvese zvichibuda kunze, nokuti vaiziva kuti chii chaizoitika. Hapana akasara kumashure, asi mufudzi wemombe pachake kumashure ikoko, apo, anogara ikoko munguva yechando.

⁴² Zvino ndisu taiva toga vashoma, rori roga, takasara tirimo. Zvino ndakabvunza hama. Ivo vakati, “Tichagara.” Saka zvino, “Zvakanaka,” Ndikati, “zvino ivai makagadzirira.” Zvino takaenda zvino ndokuwana . . .Mushumiri weMethodisti neni takaenda tikanowana chimwezve chingwa nezvimwe zvinhu, saka taigona kuzviwana; aiva mamaera angaita makumi matatu kuenda nekudzoka. Saka takadzoka, Hama John neavo vakagara pano, vakanzwa izvozvo ndokubuda vakaenda; vakabuda panguva iyoyo, saka dutu rakarova. Asi isu takanga tichizogarapo, uye ini ndaienda kuTucson kumusangano, zvino ndakafonera mudzimai wangu ndikamuudza kuti isu . . .kana ndisina kusvikako, varege mumwe munhu atsive nzvimbo yangu.

⁴³ Uye mangwanani aitevera takabuda. Ndakati, “Zvino, kekutanga,” kwanga kwakakwidibira kwazvo, “mukanzwa mvura yava kunaya, kana chero chinhu, dzokerai kumusasa uya nekukurumidza kwamunogona, nokuti mumaminitsi gumi, gumi nemashanu, hamuzogona kuona nzira yenyu yekudzokera zvekare.” Uye saka ndaiva nevarume vakaiswa panzvimbo dzavo, ndokukwira pamusoro pegomo, ndichifamba ndichikwira, ndichiedza kudzingirira nondo zasi kwavari.

⁴⁴ Zvino ndaingwe, mazuva mashoma kumashure kwacho, ndichipfura pfuti yangu kuti inange, zasi kuTucson; ndichidzoka kumusoro ikoko, yakanga yopotsa zvishoma ichirovera kurudyi. Ndakapfura mukono muhombwe wenondo uyo wandakanga ndichitsvaga kwemakore mazhinji, zvino yakairova nechekumusoro-soro, uye yakafira zasi uko zvino handina kuiwana, mamiriro ekunze akanga ave kutoshata.

⁴⁵ Ndakafunga, “Ndichamhanya ndichikwira ndonotarisa.” Zvino pandakasvika pamusoro pegomo, ndakacheredza mvura yakatanga kunaya, chando chichidonha, uye nemadonhwe makuru echando, akakura zvokuenzana nedhora resirivheri, achingonamira kwese-kwese, uye mhupo dzichivhuvhuta. Ini ndakaziva kuti munhu wese akanga ari pakumhanya, kudzokera kumusasa zvino. Saka, ndakamirira zvishoma, zvino ndakafunga, “handimbofi ndakakwanisa kuwana nondo iyi panguva ino, mudutu iri.”

⁴⁶ Saka takaenda, ndokutanga kudzika gomo, ndaingogona kuona mafiti gumi kumberi kwangu. Uye angaita . . .Ini

ndakanga ndiri mamaera angaita mana kana kupfuura, kuti ndisvike panzvimbo. Ndichiziva, ndakaburuka mugomo, ndichiziva nzvimbo yacho zvakanyanya, nokuti ndakambofudzira mombe imomo kwemakore nemakore. Ndichiburuka mugomo, ini ndakasvika zvingaita hafu yemaera kubva pakadzikira pegomo, kweapo pokuyambukira *seizvi*, kuyambuka mutsara wemakomo uko kwandaiva. Zvino pakanga paine . . .

⁴⁷ Ndainge ndiri kunzwa uya mutoro unotyisa. “Ndakachema. Ndakanamata. Ndakareurura. Chii chandingaite? Chii icho chandakaita?” Sekunge wakaita chimwe chinhu chakaipa kwazvo; sekunge wakarwadzisa mumwe munhu, uye unoziva kuti unofanira kuzvigadzirisa. Ko ndaipomerwa pamusoro peiko? Handina kuziva. Ndikati, “Ishe, kana mukangondizarurira bedzi, ndichazvigadzirisa. Asi chii chandakaita asi kumira nekuparidza, nekuita zvose zvandinoziva kuita? Uye ndakaedza kurarama zvachena, zvachajeka, uye zvingori maererano neMashoko eNy. Asi chii chandakaita?” Uye zvakadaro mutoro iwoyo hauna kubva, gore negore. Ndakafunga nezvazvo pagomo, mangwanani iwayo, zvino ndakatanga kudzika.

⁴⁸ Zuva rakapfuura rakanga riri zuva remusi wemuchato wangu, zvakare, mudzimai wangu neni takaroorana makore makumi maviri kumashure kwacho. Uye ini handisati ndambove kumba pazuva remusi wemuchato wedu. Zvino ndinogara ndichienda kumusoro mugomo, kanzvimbo kadiki apo pane zvimiti zvemukuquaking asp. Gore rekutanga ratakaroorana, ndakanga ndisina mari yakakwana yekuti tive nekusasana kwevachati, kune karwendo kadiki, uye zvadaro nekuzitora rwendo rwokunovhima zvekare, saka ndakatora mudzimai wangu parwendo rwekunovhima pakunosasana kwevachati. Saka zvakaita sekunge, kuita sekuitora, ndakawana zviri zviviri panguva imwe chete.

⁴⁹ Uye ndinorangarira, munhu mudiki, nda—ndaimutakura uye ndomusimudza nepamusoro pematanda, nezvinhu. Zvino takasvika panzvimbo diki, ndikamutora mufananidzo, uye zvinogaroita sekunge—sekunge zvakanaka. Ndinofunga izvozvo, ndofunga nezvebvudzi rake dema nemanakire aaive akaita; uye zvino rachena angori makore mashoma azviita kwaari.

⁵⁰ Ndakafunga, “Ndinotenda ndichaenda kumusoro ikoko, asi zvaka—zvakananyisa kuoma zvakananyanya.” Chando chaiva chakananyisa zvino.

⁵¹ Ndaizviva ndaifanira kupindamo, nokuti vakanga vazvishambadzira, “Dutu rakaipisisa kwazvo munzira!” Vakanga vazvishambadzira munyika yose. Handizive kana Tom Simpson akagara muno mangwanani ano, kana kuti kwete. Vachidzika kubva kuCanada, akadzwa neredhiyo, kuti

asatombopinde nemunyika iyoyo zvachose. Munhu wese akati, “Usaende neikoko. Enda neimwe nzira, nokuti dutu rinotyisa riri kutsvaira kwese.”

⁵² Zvino ndakatanga kudzika mugomo, ndichifunga pamusoro paizvozvo, nenguva dzingaita ten o'clock mangwanani. Uye kamwe-kamwe, semajekero amuri kunzwa izwi rangu, Izwi rakati, “Mira, utendeuke udzokere.”

⁵³ Zvino ndakanga ndisingakwanise kutaura izvi pakati pevanhu vasingatende. Unofanira kuzviturea kuvatendi, uye zvino, nokuti izvi, vasingatende havambofe vakazvinzwisisa. Unofanira kuva nepfungwa yemweya kuti unzwisisa zvinhu zvemweya. Shoko ndere pamweya. Rinodudzirwa pamweya. Uye Iro—Iro iShoko raMwari. Zvino ndakamira, ndokufunga, “Kana ndikadzokera kumusoro uko, imwe hafu yemaera kudzokera kumusoro, dutu richivhuvhuta sezvariri . . .”

⁵⁴ Zvino David Wood akanga andigadzirira sangweji, uye, yaiva chaiyo! Ndinofunga aiva achinditsivira pandakagadzirira baba vake sangweji, neimwe nguva. Takanga tisina chinhu asi hanyanisi neuchi nechingwa, uye, ndakaisa zvose pamwe chete, tikazvigadzirira sangweji. Zvino akatadza kana kudya yake. Zvino ndinofunga aiedza kunditsivira nekuda kwaizvozvo, saka akaisa . . . ini—ini handizivi mhando dzose iye . . . Uye ndichikwira mugomo, mvura yakanga ichinaya kwazvo, yakainyorovesa, zvino yakabva yangova chisadza chimwe chakakura. Ndakafunga, “Zvakanaka, ndichaidya iyoyo ndomira.”

⁵⁵ Zvino ndakamira ipapo, ndakafunga, “Hapana chaivapo. Ndakangofungidzira. Yaiva mhopo, zvimwe, yaivhuvhuta, ichtenderera zvakanyanya nemumiti iyi.” Zvino ndakatanga kufamba ndichienda. Ndakatongo kufamba. Zvino ndakafunga, “Zvakanaka, ndi—ndinotenda ndichadzokera.”

⁵⁶ Zvino ndakaRinzwa zvekare. “Dzokera kwawabva.” Rakataura saizvozvo. Ndakatanga kukwira gomo, ndikamira. Zvino ndakafunga, “Zvimwe ini . . .” Nda—ndaive ndava kutya kudzokera uko kwandaimbove, nokuti mhe—mhopo yaityisa zvakanyanya.

⁵⁷ Dzimwe nguva Mwari vanoita kuti tiite zvinhu zvino—zvinoita sekunge zvine njodzi kwazvo uye zviri zvisingatarisirwe. Ko Mosesi nechimuti chiya, achienda kunitora Egipita? Uye nezvinhu zvese zvatinowana zvakadaro, zvokuti Mwari vanokumbira zvinhu zvisingagoneke, munoono, kuitira kuti Aite zvisingagoneke, kuti munhu azive kuti haasi iye; ndiMwari vari kuzviita.

⁵⁸ Ndakadzokera pamusoro pegomo zvekare, ndichitsvaga nzira yangu nemumiti yaivhuvhutwa, ichimonyoroka. Ndakagara pasi ndikatora pfuti yangu, zvino ndikachengeta sikopu kuti isazoita . . . mudenga saizvozvo. Chitsere

chinomhanya panguva yakadaro. Zvino ndakadzorera sikopu yangu pasi peshati yangu, *seizvi*, uye ndikagara pasi kwechinguvana. Ndakafunga, “Ko ndiri kuitei, ndakagara pano?”

⁵⁹ Asi Mwari vanoshanda nenzira dzisinganzwisike, pavanoita zvishamiso zvaVo. Zvinopfuurira kunzwisisa, kune pfungwa dzenyama. Havambofa vakazviona. Zvino zvandaifamba ndichidzokera kumusoro zvino ndakagara pasi, ndakagara ipapo ndichifunga pamusoro paMwari. “Handizive kuti sei ndadzoka.” Ndakafunga, “Ini zvangu, nguva yandichasvika kuzasi kwechikomo, dutu iroro richange richiwedzera kutyisa nguva dzose, richiuya ipapo, hawaigona kuona kure-kure mberi kwako.” Uye zvino kana iwe. . .

⁶⁰ Hausungirwe kutenda izvi, asi ichi ichokwadi. Izwi rakataura kwandiri, rikati, “Ndini Ishe Mwari. Ndakasika matenga nenyika. Zvisikwa zvinoteerera iNi.”

⁶¹ Zvino ndakagara ipapo zvishoma, ndakabvisa ngowani yangu. Zvino Izwi riya, raive pane imwe nzvimbo, handina kukwanisa kuRiona. Chinhu choga, ndaigona kuRinzwa. Raive panzvimbo ipapo mumiti iyoyo, pane imwe nzvimbo. Ndakafunga. Kazhinji unoona Chiedza chiya imi mose chamunoziva pamusoro pachu, kazhinji chinenge Chiripo, asi ndakatarisa kwese-kwese zvino handina kuona Chiedza chacho. Ndikati, “Muripi, O Mwari, Musiki wangu?” Ndakatarisa-tarisa. Handina kuzoRinzwa zvekare, kunzwa Izwi raKe. Ndakamirira kwemaminiti mashoma.

⁶² Iye akati, “Ndini Ishe Mwari akakuita kuti utaure kutsindi dziya kuti dzivepo.” Uye imi mose munoziva pamusoro pazvo. Zvino saka ndibatsirei, neBhaibheri iri pamberi pangu, pamangwanani ano eKupa kutenda uku, kana chisiri chokwadi, Mwari vanogona kundirova ndikafa papuratifomu zvino. Munooona, ichokwadi. Iye achingori Musiki, Mwari—Mwari akagona kupa gondohwe kuna Abrahamama, anokwanisa kupa. Achiri Jehovha-Jire. Ishe vanogona kupa!

⁶³ Ko Abrahamama akariwanepi gondohwe riya? Tarisai, rwendo rwemazuva matatu kubva kunogara vanhu, pari pamusoro pegomo, uko kusina mvura kana chimwe chinhu. Zvino aida gondohwe, zvino pakava negondohwe rakabatwa murenje, nenyanga dzaro. Zvino Abrahamama akanga ambopoterera neko akanhonga dombu, kwese-kwese ipapo kuti agadzire artari iyi; asi Mwari vakaramba vari Jehovha-Jire, Ishe vanozvipa pachaVo, izvozvo.

⁶⁴ Chero chipi chaAkavimbisa, izvozvo Anogona kuzviita! Ndiro Shoko riya riri muna Mateo umo, ndinofunga, Marko 11:22, “Kana iwe ukati kugomo iri.” Ini, ini handina kumbobvira ndakanzwisisa izvozvo. Munoziva nyaya yacho pamusoro paizvozvo.

⁶⁵ Zvino, saka ndibatsirei, ichokwadi. Iye akati, “Ndini Uyo akadzipa, idzo tsindi,” iYe akati. Zvino paya...Ndakateerera zvekare, kuti ndione kuti Aizoti kudii. Hapana chakamira; mhupo ichingoita ruzha, ichingoenda. Ini—ini ndinofanira kutozvuruma, nokuti...

⁶⁶ Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Pfungwa chaidzo dzemweya dzingori nhanho imwe chete kubva pakupenga. Manga muchizviziva here izvozvo? Tsvagurudzo yesainzi inokuudzai izvozvo. Heuno uri zasi *kuno* uchinonokera nekurenguka; zvino ipapo unobva wati kwirei zvishoma mumweya, ipapo unobva wava kuda kuva sezvizi; ipapo unobva pakuita sedemo rakagomara; uye zvadaro kuve reza yakarodzwa. Zvino unoziva kuti rutivi rwupi rwaunodonhera ipapo. Kana munhu akaedza kuzvisimudza pachezvake kumusoro ikoko, ane chokwadi chokuti anoenda kudivi risiri iro. Kana Mwari vakamusimudza kumusoro ikoko, ari kure pamusoro pemunhuwo zvake. Ikoko ndiko uko zviratidzo nezvinhu zvinooneka. Ikoko ndiko kune Humambo hwaMwari. Vananyanduri, vaporofita, navose vaicherechedzwa sevanhu vanopenga.

⁶⁷ Jesu, pachaKe, akadaidzwa kunzi “munhu akasangana musoro.” Ndokuti, “Isu tinoziva kuti Unopenga uye une dhimoni.” *Kupenga* zvinoreva “kusangana musoro.” Tarisai kune vese vananyanduri nevaporofita kuburikidza nemumazera, vakacherechedzwa saizvozvo, izvozvo zvakanyanya kuedza... Edza, kana ukaedza kuzvidhonzera pachako kumusoro ikoko, waparara, haufe wakabudirira. Zvinotora Ruoko runosvika zasi kubva Mukubwinya, kukubata iwe pamucheto ipapo, pakati pezvinhu zvakwanaka nezvakaipa. Uye wakamira ipo pamiganhu ndipo paunotarisa Munyika yeKudenga.

⁶⁸ Zvino panguva iyoyo, Rakataura zvekare, panguva imwe chete iyoyo, ndakagara kumusoro ikoko. Akati, “Ndini Mumwe chete akamira pachikepe husiku huya, uye ndokuita kuti mhupo nemafungu zvipere.” Akati, “Simuka netsoka dzako zvino utsiure dutu iri, uye richateerera chaizvo zvawataura.” Ndiro raiva danho riya rechitatu reshumiro raiuya. Ranga richifamba richikwira, kwemakore. Uye zvinotaridzika sekunge pane chimwe chinhu chinoramba chichinetseka, ndinofunga, “Oo, usadaro...” Asi ndizvo chaizvo zvaAita. Uye ndiye iYe zvekare, ungori Mweya waKe chaiwo zvekare, chaizvoizvo.

⁶⁹ Asi ndakawana kutevedzera munyama kwakawanda pamusoro pemamwe, zvinondiita kuti nditye kunyangwe kufunga pamusoro pazvo. Nokuti, uchave nazvo, sechokwadi chezviri nyika. Panogara paine mhomho yevanhu vakasangana. Uye iko kutevedzera kwepanyama kunotofanira kuItvera. Zvakaitika mumazuva aKe; zvakaitika mumazuva aMosesi; zvichaitika mumazuva ose. Zvichaitika muzuva rino apo Mweya Mutsvene uri kuedza kuita basa. Asi kunyangwe, kana munhu

ari wemweya, kutevedzera kwepanyama kunoratidza uyo ari wechokwadi, Icho, chi—chinhu chechokwadi chaMwari.

⁷⁰ Zvino ndakamira ipapo, panguva iyoyo, ndakasimuka uye ndikati, “Ishe Mwari, Musiki mukuru wezvisikwa, ini ndinotenda kuti ndiMi Muri kutaura. Hamuna nguva imwe chete iyo Makandiratidza chimwe chinhu chaive chakatsveyama, uye hapana nguva imwe chete iyo yaMakandisiya ndichitaura chero chinhu kunze kwezvakasvika pakuitika.”

⁷¹ Ndikati, naizvozvo, “Ndinoti kudutu iri rine ukasha, ‘Enda kunzvimbo dzako. Dzokera, siya izvi zvoga.’ Uye ndinoraira kuti zuva rivheneke kwemazuva mana anotevera, kusvikira varume ava vawana mhuka dzavo, uye ndagona kuvabatsira kuti vadziwane, nekuzobuda mumakomo aya.”

⁷² Zvino Ishe Mwari, Anova Mutongi wangu wamazvirokwasvo mangwanani ano; mvura yainaya iya nezvinhu zvichimonyoroka, mukati menguva shomanani pakanga pasisina kachidimbu kazvo. Ndakatarisa, uye pakanga paine mhengo yakabva nekune rumwe rutivi, ichiyambuka nepamusoro pegomo, ikasimudza makore iwayo saizvozvo. Mukati meangangoita maminiti mashoma, zuva rakabuda, nechepamusoro chaipo, uye richivheneka pasi, semanakiro araikwanisa kuva.

⁷³ Zvimwe chete zvazvakaita muGermany. Imi munorangarira nyaya yemuGermany. Apo, ivo varoi, gumi nevashanu kurutivi rwumwe chete, ndokucheka, vakatora chigero ndokucheka munhenga, ndokunongedzera kumashure nenzira iyi, vakati ndokumira ipapo vachiita zvokudeketera kwavo, uye vakati vachaparadza tende nemhengo, rine zviuru makumi matatu zvevanhu. Zvino Hama Arganbright vakanga vakamira ipapo. Hepano pakauya dutu, gore richiuya kumusoro chaiko. Ndakamira ipapo neHama Lowster. Vazhinji venyu munovaziva, muJerimani akazvarirwa muAmerica muno ndiye mududziri wangu ikoko. Zvino aka—akamira ipapo. Ndikati, “Usadudzira izvi.” Asi ndakati, “Ishe Mwari, iMi makandipa chi—chiratidzo uye mukandituma kuGermany. Varoyi ava vaunza dutu iri. Muri Mwari wezvisikwa, ngazvizivikanwe kuti iMi muri Mwari!” Hapana mumwe kunze chete kweaigona kunzwisisa Chirungu, uye vakanga vasiri gumi nevaviri ipapo vaiziva izvo zvandaitaura pamusoro pazvo.

⁷⁴ Panguva iyoyo tende raisimuka seizvi, riine zviuru makumi matatu zvevanhu pasi paro, raisvetuka richikwira nekudzika saizvozvo, ndokudzikama pasi, zvino makore nemitinhiro zvakaomba zvichienda. Pasi pemaminiti angasvike mashanu, zuva rakange rava kupenya richipinda mukati, apo vangaita zviuru gumi nemashanu zvemaJerimani vakauya kuna Ishe Jesu Kristu. Achiri Mwari. Achingori Mwari sezvaAingove.

⁷⁵ Zvino, ndakamira ipapo pachikomo ichocho. Ndichizobuda angaita mazuva mana aitevera, chero munhu ari pano anoziva

chokwadi, pakanga pasina kana gore rimwe zvaro raiva mudenga, kubva paawa iyoyo, kwemazuva mana.

⁷⁶ Pandakadzika ndikabuda, ndakaenda, kunotenga peturu patakabuda kubva mumakomo, ndakati, “Kwanga kwakaoma zvakananyanya.”

⁷⁷ Akati, “Hongu, kwanga kwakaoma.” Ndokuti, iye akati, “Isu takanga tichitarisira dutu rimwe zuva, ndokuuya, asi isu hatizivi, chinhu chacho chakamira.” Maona?

⁷⁸ Ndakaenda zasi kune rimwe divi reColorado, ndikamira kuti ndiwane peturu. Billy Paul, mwanakomana wangu ari kumashure uko, takanga tiri pamwe chete. Ndakati, “Ngatione kuti rakamira here zasi kuno.”

⁷⁹ Zvino ndakatyaira ndichipinda, ndikati, “Mangwanani akanaka,” saka takatanga kutaura kumurume wacho.

Akati, “Mangwanani akanaka.” Zvino iye . . .

Ndikati, “Chokwadi izuva rakanaka!”

⁸⁰ Akati, “Hongu, zuva rekare riri kubuda, riri kupisa zvekare.” Akati, “Chokwadi ratipisa isu muzhizha rino.”

⁸¹ Uye ndakati, “Hongu.” Ndikati, “Saka, zvatekeshera nemunyika yose.”

Iye akati, “Hongu, ndinonzwisisa.”

Uye ndikati, “Yave kuda kukwana nguva yemadutu enyu.”

⁸² Akati, “Unoziva chii?” Akati, “Mapepa ose, redhiyo, nezvimwe zvese, vakati dutu riri kuya rimwe zuva. Uye makore akauya, zvino dutu ndokutanga. Zvino kamwe-kamwe, hatizive kuti chii chakaitika kwariri, rose haro rakaenda.”

⁸³ Achiri Mwari, achingori Mwari sezvaAkangogara ari. Ko munhu angataura zvinhu izvozvo sei kunze kwokunge Mwari vamuudza kutanga kuti azvitaure? Munoono, kwete pasi pekufungidzira; asi unoziva zvauri kutaura, ipapo wozviita. Asi mira, usaedza kutaura, “Oo, ndiyo nzira!” Vanhu vazhinji, ndinofunga, ne—nezvipo zvaMwari. . . Mira uzive kuti ndizvo, woziva kuti ndiMwari. Munoono, mira kusvikira Izwi rauya, uye woRinzwa, uye unoRiziva, woRiona, ipapo unogona kutaura kuti, “IZVANZI NAJEHOVHA.” Kana isiri ZVANZI NAJEHOVHA, ipapo maonero ako, mamwewo mafungiro emumwe munhu. Vanhu vanokumbira vanhu, “Nditaurirewo *izvi*. Ndiitirewo *izvi*.” Ko ungagona kuzviita sei, kana iwe wakatendeka kuna Mwari, kusvikira Mwari vakuudza kutanga? Ko ndingakuudze sei, “Zvanzi naJack Moore,” apo Jack Moore asina zvaataura kwandiri? Maona? Zvinofanira kubva kuna Mwari kutanga, kwete kufungidzira. Anofanira kuve ari Mwari, uye zvararo zvinozoitika, nokuti zvinenge zvava ZVANZI NAJEHOVHA.

⁸⁴ Zvino, munhu wese haawane izvozvo. Kwete, changamire. Hazvizova saizvozvo. Hazvina kumbobvira zvakava nenzira iyoyo. Hazvimbofe zvakava nenzira iyoyo. Mwari vanoshanda nedungamunhu. Akazviita mumazuva aNowa. Akazviita mumazuva a—Joshua. Akazviita mumazuva aMosesi. Akagara akadaro. Haana kumbobvira akagadzira hurongwa. Aingove ari munhu mumwe chete, nokuti vanhu vaviri havana kufanana, panguva ipi zvayo. Munoono, iYe haana kumbobvira akaita zvimwe zvekare. Asi munhu wese haafanira kuva Mosesi. Vakanga vasingazvinzwisise; vaingotevera. Zvino Mweya Mutsvene, kana munhu akazodzwa naMwari, anokutungamirira kutevera Mweya Mutsvene neBhaibheri, nokuti ndiYe Anoitwa zvinhu izvi, Jesu Kristu ari muchimiro cheMweya Mutsvene achishanda muvanhu.

⁸⁵ Ndakamira ipapo, ndakatanga kufamba ndichidzokera zasi. Ndakamira ipapo. Ndikachema. Handina kugona kuzvidzora, ndichiona zvakange zvaitika ipapo munguva shomanani.

⁸⁶ Zvino hama kumusoro ikoko, zvino vangani vaivako, pane here mumwe munhu pano? Ndinoziva Fred Sothmann nevamwe vari pano, vaiva kumusoro ikoko; kwete, Fred aiva neni kune imwe nzvimbo. Pane here ari pano akanga ariko kumusoro uko? Ko Hama Banks Wood nevamwe vati vasvika muno here? Pane here mumwe munhu pano kunze kwaBilly Paul akanga ari kumusoro uko? Vakomana ava vakanga vachangoenda, hongu, zvino Hama Wood, naHama Taylor, kana kuti, ndakanganwa zita reimwe hama, vana kana vashanu vavo vakanga vakamira ipapo. Hama idzi pano, Hama Martin vanga vachangoenda, vakaenda zuro wacho, nokuda kwedutu raiuya. Imi mose munorangarira dutu racho, kushambadzirwa, vakazvitaura kuti raiuya. [Imwe hama yakati, “Takasangana naro.”—Mupepeti] Zvino, mati kudii? Makasangana naro. [“Takasangana naro.”] Makasangana naro.

⁸⁷ Ipapo, uye zvino cherechedzai. Ndakamira ipapo, ndakafunga, “Zvakanaka, ndinodaira ndichadzika zasi kwechikomo.”

⁸⁸ Uye nda—ndakaita mhiko kuna Mwari, makore mashoma apfuura, pandaibuda kunze neveFull Gospel Business Men, kuti, “Handaizopfuurira mumwe munhu mhuka, kunze kwekunge chiri chinhanho chinotoda betsero nokukasika.” Handaimbozviita.

⁸⁹ Uye, hongu, ndiHama Jack Palmer, vari pano here? Hama Jack, vakabva kuGeorgia, vanowanouya kuno. Vakanga vakamira ipapo. Uye husiku hwakanga hwapfuura, vakati, “Hama Branham, ndiunzireiwo nondo.”

⁹⁰ Zvino, ini zvangu, ndakangobvunda, nokuti, ndi—ndinoziva ndakaita mhiko yokusazodaro, makore mana kana mashanu apfuura, nokuti gore iroro ndakauraya danga renhoro

gumi nepfumbamwe, ndoga. Kuitira varume vemabhizimu vanongogara vachitaura zvebhizimu ravo. Ndaitozobuda kunze ndonouraya mhuka dzavo. Uye izvozvo zvakanga zvisingaratidze kunge...sekundiisa muboka remhondi, asi handaizodaro. Ndichavatora ndovaendesa kwairi, asi ini handiipfuri. Saka ndakavimbisa Mwari kuti handaizodaro.

⁹¹ Saka ipapo ndakawana, ndakabva panzvimbo, ndichidzokera, ndakatanga kudzika chikomo, zvino Izwi rakataura kwandiri, uye rikati, “Ko wadii wafamba neNi?”

⁹² Zvino ndikati, “Ishe Mwari, kana muri iMi, ndinoziva kuti ruoko rwaMwari rwoga rwunogona kupatsanura makore aya uye nokuita zvaMaita pano.” Zvino zuva rinodziya raivheneka pasi, richiomesa shati yangu, uye chiutsi chemvura chichisimuka kubva pairi. Zvino ndakati...Zichechi ziguru, sango risina kutemwa miti, munoziva. Zvino ndakati, “Ndinotenda ndichafamba ndichikwira nenzira iyi zvino, Ishe, kana Musina nzira yakatsaurwa yekwekuenda. Ndaida kukwira kumusoro uko uye ndomira kwemaminitsi mashoma kuitira kurangarira zvishoma mudzimai wangu, nekusasana kwedu—kwedu mushure memuchato kwokutanga uye kwoga, munoziva, uko kwatakambova nemukana wekuti tiende. Zvino ndakamutora kurwendo rwekuvhima, zvino hezvino ndiri pano gore rino zvekare, ndichivhima nehama idzi; zvino iye ari zasi kuTucson, achiedza kuti zvinhu zvifambire mberi.”

⁹³ Zvino ndakatanga kufamba ndichidzika neimomo, uye ndakatanga kufunga. Zvino izvi zvichaita sezvinosetsa kwazvo. Zvino ndichakurumidza, nekuti ndinoziva kuti shumiro yenyu inotanga mumaminitsi anenge gumi. Zvino saka ndaifamba ndichidzika nemukati imomo, uye ndaifunga, “Oo, handizive kuti sei asina kumbobvira akataura shoko rimwe kwandiri pamusoro pekuenda kwese-kwese?” Uye mangwanani ano ndinoda kukuudzai zvakaitika, mumaminitsi mashoma. Ini—ini...

⁹⁴ Murume wese anofanira kufunga izvi. Ndino—ndinofunga kuti hakuna mudzimai munyika akaita semudzimai wangu. Anongova munhu anoshamisa, akati nyararei, anogara kumba. Anogara akagadzirira nhumbi dzangu. Uye ini ndinenge ndabuda, ndaenda nenzendo, nezvimwe zvose; ndodzoka, ndoti, ndomudenha zvishoma, ndoti, “Ndiri murume wako. Iwe uri mudzimai wangu here?” Uye zvakadaro, ndosvepura vana, ndopfugama zvino ndova nemunamato; zvino ndopfeke nhumbi dzangu, kuitira kuti ndisarasikirwe nepfungwa dzangu, potse, kubva pamhomho yevanhu nezvinhu, ndosimuka zvino ndobva ndaenda kunoredza kana kunovhima, kure ndabva paari. Aitozvita kura zvose ari oga, pachezvake.

⁹⁵ Ipapo ndakatanga kufunga, “Zvakanaka, pamwe kana ndiri pamba, chinhu choga chandinogara ndiri...chinhu

choga chandinoziva ndiMwari neShoko raKe. Uye ndinogara ndichitaura neZvaro.” Zvino ndaienda hangu ikoko, zvino imwe pfungwa yakauya kwandiri, ikati, “Zvakana, pamwe anokusiya uchienda nokuti zvi—zvinoita kuti vanhu vagarire kure, uye nezvimwe zvakadaro. Uye anokwanisa kuva nerugare rwakati wandei kana usipo.” Zvino ndakatanga kuvaraidza pfungwa iyoyo. Ndakati, “Um,” saizvozvo, uye, pandakazviita, ndakaona ndebvu dzaive pachiso changu, dzainge dzakura kuda kwevhiki, uye dzakanga dzachena zvakanyanya. Ini ndakafunga, “Bill, ungori...unoziva uko kwawakanaga. Wakananga kunze chaiko zvino, unoona, wave kuchembera. Uye wakatoyambuka mutsara wepamakumi mashanu aya.” Saka ndakanga ndichifunga izvozvo, ndichifamba hangu nepfuti yangu yakambera pabendekeke rangu, ndichifamba hangu saizvozvo.

⁹⁶ Zvino kamwe-kamwe, chimwe chinhu chakaitika. Zvaiita sekunge, muna zvose pamasikirwo, ndaiva mukomana zvekare. Ini handizivi zvakaitika mupfungwa, kana chii zvazvaiva. Zvino ndakatarisa, ndakamira mberi kwake, ipapo mberi kwangu, zvino hepapo akamira nenzira yaaiva pandakamuroora. Ndakaisa pfuti yangu pasi. Ndakapukuta maziso angu. Ndakamutarisa zvino iye akatambanudza maoko ake *seizvi*, akanditarisa. Ndakakotamisa musoro wangu pasi.

⁹⁷ Nokuti, ndaienda kumusoro chaiko ikoko kuva nekurangarira zvishoma—zvishoma zuva remuchato wedu; ndokumira pane miti iyoyo, kaboka ketwumiti twudiki kumusoro ikoko, quaking asps, sezvakaita uko kumasango ekuchamhembe apo patakaenda kumusoro kuAdirondack. Uye ndinogara ndichienda kumusoro ikoko, musi woga-woga wemakumi maviri nematatu waGumiguru, kana ndiri kumusoro ikoko.

⁹⁸ Zvino hepapo paaiva. Zvino ndakabva ndaisa pfuti yangu pasi, ndakatarisa ikoko. Zvino ndakamira kweminiti, ndikakotamisa musoro wangu. Ndakatarisa zvakare, zvino aive achakamira ipapo akatambanudza maoko ake. Ndakafunga, “Handifungi kuti ndarasikirwa nepfungwa dzangu.” Ndakatarisa zvekare. Ndakafunga, “Ko zvingava sei?” Hezvinoi ini pano, murume wechidiki. Ndakatarisa maoko angu, uye ndikati ini... “Ishe, mungava wangu webasa munyika, kuunza Mharidzo yeNyu, chokwadi ichi chimwe chinhu chaitika kwandiri.” Zvino ndakatarisa zvekare, uye ipapo zvakabva zvangonyangadika.

⁹⁹ Zvino ndakasimudza pfuti yangu, ndikaiisa papfudzi rangu. Uye ndikati, “Zvimwe ndiMi manditendera kuti ndizive chikonzero, zvinorwadza moyo wake pandinenge... pandinouya, zvino ndobva ndaenda kunovhima, nezvinhu zvakadaro.”

¹⁰⁰ Asi pandakatanga kufamba, ndakabvisa ngowani yangu zvekare. Ndikati, “Mwari, ndinoziva kuti iMi muri pano. Hapana kupokana mupfungwa dzangu asi kuti Muri pano. Uye ndinotenda iMi, Shoko rega-rega. Imi, Munoita kuti zuva riya ripenye pasi kumusana kwangu. NdiMi Munoita zvinhu izvi. Muri Musiki. Ini, ndanga ndiri kunonokera, zvinotaridzika sekunge ndiri kutya kubata. Ndiri kutya kuti ndingaita chimwe chinhu chisiri icho.” Ndikati, “Pane chinhu chimwe chete chandichaKukumbirai kuita. Simudzai mutoro kubva pamoyo wangu. Hapana chikonzero chekuti ndiedze kureurura zvekare, nokuti kwemakore mashanu ndangoramba ndichichema kwaMuri. Ko ndakaiteiko? Ndiudzeiwo kuti chii.”

¹⁰¹ Zvino ndaifamba ndichikwira kachikomo kadiki ipapo, pedyo chaipo nepandaizomira kwemaminitsi mashoma, kungotenda Ishe nemudzimai wangu uye nemuchato wakabudirira uyo Mwari wavakatipa, nerudo rwataiva narwo mumwe kune mumwe, makore ose aya, nevana vedu. Ini ndinozviita izvozvo musi wemakumi maviri nematatu woga-woga waGumiguru. Uye paiva nemuti mudiki muquaking asp, ungaita, oo, mainji gumi kukora, wakanga wakura sezvizi, uye ndokubuda, zvakaita sevara L, uye ndokubva waenda mudenga. Zvino pandakanga ndichifamba ndichikwira chikomo, ndakapera simba zvakanyanya, zvino ndakangozembera pamuti iwoyo, saizvozvo.

¹⁰² Uye ndaingonzwa chimwe chinhu chichirova pamashizha, kweminiti imwe. Zvino, mashizha aive atooma, panguva yandakafamba ndichisvikako, angaita mayadhi mazana matatu kana mazana mana. Zvino ndakatarisa, zvino yaiva mvura yaibva mumaziso angu, ichidonha, ichipfuura nemundeivu chena, ichidzika kuenda pasi. Ndakati, “O Mwari, ndi—ndiri mukundiki chaiye.” Zvino ndakamira ipapo muchinhano ichocho. Ndakati, “Ndi—ndinovimba kuti Muchava nengoni kwaari.” Ndakati, “Ini—ini handina kukodzera kukumbira ngoni.” Ndikati, “Rimwe zuva, ndinoziva kuti ndiri kuchena musoro, uye ndi—ndinofanira kuenda, Ishe.”

¹⁰³ Uye ndinofungidzira kuti vanhu vanofunga kuti kupenga, asi ndi—ndinowana Mwari kunze munzvimbo idzodzo. Ndiko—ndiko kwazvinova zvamazvirokwazvo kwandiri. Ini . . . Zvingori—zvingori zvemazvirokwazvo sezvazviri ipo pano; uye, kutaure chokwadi, zvakati wedzerei, nokuti, munoona, imi mose, chikamu. Ikoko, zvinotaridzika sekunge ndakamira naYe ega, ndisina wandinotaura naye asi iYe.

¹⁰⁴ Zvino pandakamira ipapo, ndakanzwa kutyoka kwechikwenzi, zvino ini ndakaita sekusimudza musoro wangu; ndakanga ndakapfeka shati tsvuku zvino, uye nekabhanhire katsvuku kakatenderedza nguwanu yangu—yangu, hengechepfu tsvuku yakamoneredza imwe yengowani dziya dzekumadokero. Zvino nda—zvino ndakatarisa, zvino paive pakamira nondo

mbiri, nhatu dzakamira pedyo neni, ndokungofamba dzichiuya kumusoro ikoko; ini ndiri muzvitsvuku izvozvo. Nekupfura kwese kuya kwaiitika ikoko, varume zana, dzaive dzapfurwa kanosvika makumi mana, ndinofungidzira; handiti, chokwadi, dzingadai dzapararira iko zvino. Asi idzo hadzina. Dzakangomira ndokunditarisa.

¹⁰⁵ Uye nyama yakanaka, tsvana mbiri dzakura nenondo hadzi huru. Zvino chimwe chinhu chakati kwandiri, “Pane nondo yaHama Evans, imwe ndeyaHama Welch, neimwe yemuparidzi weMethodisti. Ndizvo chaizvo izvo Ishe Mwari zvaapa kwauri zvino. Hadzigne kutiza. Hapana nzira yadzo yekuti dzidaro.” Ndakanga ndine pfuti yakaremba pabendekeke rangu chaipo. Zvino dzisati dzatombotendeuka, ndinenge ndatodziuraya dzose dziri nhatu, munoona, saizvozvo, dzisati dzatombofamba. Dzakanga dziri mumaoko angu chaimo. Uye ini. . . Uye nda—ndakafunga, “Hedzo dziri apo, dzingori nhatu. Zviri nyore kudzikungurutsira zasi chaiko kwechikomo pano, zvino kwave kuzodzitakura kubuda kunze.” Zvino ndakafunga, “Izvozvo zvingava nyore kwazvo. Hedzo dziri nhatu, zvino taigona kuenda kumba tichibva ipapo, toenda uye tobuda mumakomo.” Zvino pandakadzitarisa ipapo, dzaive dzakamira, dzakanditarisa, murunyararo, mayadhi angaita gumi nemashanu, makumi maviri. Saka, ndakaramba ndakamira.

¹⁰⁶ Uye handizive kana imi machinda muchivhima nondo, kana kuti kwete, asi hadzinzwisisike, kana dzi—dzikasa- . . . kana dzisina chokwadi, dzinogadzirisa tsoka dzadzo *seizvi*, dzoenda. . . [Hama Branham vanodzana-dzana netsoka dzavo dzove panzvimbo, uye vozodziisazve panzvimbo zvekare—Mupepeti]

¹⁰⁷ Uye zvadaro dzakanditarisa. Ndakafunga, “Zvakanaka, hezvoka izvo. Chinhu choga, ndikangonongedzera pfuti yangu ikoko zvino idzo—idzo hadzichiko.”

¹⁰⁸ Zvino ndakarangerira kuti ndakavimbisa Mwari kuti handisi kuzozviita. Uye ndinozvirangerira izvozvo. Ndakafunga, “Kwete, handigone kuzviita. Izvozvo hazvina kunaka. Ndakavimbisa Mwari kuti handaizozviita.” Zvino kana waita vimbiso, iwe gara nayo. Mwari anotarisira kuti ugodaro. Uye ipapo ndakafunga, “Zvakanaka, zvakananyatsokwana mumaoko angu, asi zvakadaro ndakaMuvimbisa kuti handisi kuzozviita.”

¹⁰⁹ Ndikati, “Enda hako, amai, torai vana venyu mugoenda musango, mufare. Ndinozvidawo izvi, neniwo. Muri mumaoko angu, asi handisi kuzokuurayai.” Zvino dzakaswedera pedyo zvishoma. Oo, zvinoshamisa sei izvo, iri nondo. Zvino dzainditarisa, munoziva, uye dzotendeudza misoro yadzo. Uye ini ndakamira ipapo, ndakapfeka zvitsvuku, nepfuti yakamira muruoko rwangu. Zvino dzakaswedera pedyosa chaipo kusvikira dzaitopotsa. . . Ndaitogona kudzipa zvekudya

kubva muruoko rwangu. Zvino dzakangofemhedza-femhedza ipapo, kwechinguva chidiki, ndokutendeuka, ndokufamba dzichidzokera kachinhambwe kadiki. Dzakamira, ndokudzoka zvekare.

¹¹⁰ Chimwe chinhu chakaramba chichiti, “Dziri mumaoko ako chaimo. Dziri mumaoko ako chaimo. Ishe adziisa mumaoko ako.”

Ndikati, “Asi ndakavimbisa, ndakavimbisa kuti handisi kuzozviita.”

¹¹¹ Kubva ipapo, ndakafunga, “Munoziva, imwe nguva, Dhavhidhi akatungamirirwa kudivi chaiko kwaive kwakarara Joabhi uye. . . kana kuti kwaive kwakarara Mambo Sauro. Zvino Joabhi akati kwaari, akati, ‘Jehovha amuisa mumaoko enyu.’ Asi iye akati, ‘Mwari havatenderi kuti ndibate muzodziwa waVo.’” Maona? Munoono, unofanira kungwarira kana waita vimbiso.

¹¹² Zvino ipapo ndakati, “Ndakavimbisa Mwari kuti handizozviiti, saka handidaro.”

¹¹³ Ndakati, “Amai, torai vana venyu uye muende musango. Ini handisi kuzokunetsai. Muri mumaoko angu, hamukwanise kutiza kana maifanira kuzodaro. Asi Ini—handisi kuzokukuvadza. Endai henyu kumasango.” Zvino dzakanyatsodzoka zvekare, chaipo pandaive. Zvino ndakamira ipapo. Ndikafunga, “Ko chiiko ichi? Chinhu chisinganzwisisike.”

¹¹⁴ Ndiri munhu wezvisikwa. Ndi—ndi—ndinotarisa Mwari muzvisikwa, kunyura nekubuda kwezuya; ndirwo rufu, hupenyu, ku—kuvigwa; rufu, rumuko zvekare, zvese. Semiti, kuti Jobho akataura sei nezvekuvanda mubwiro, “Aizondichengeta munzvimbo yakayereswa.” Uye achiona mutoto wemuti uchisiya miti, uchidzika zasi muguva remidzi, wozodzokazve mupfumvudza, rumuko. Zvinhu zvese zvichitaura nezvehupenyu nerumuko.

¹¹⁵ Zvino pandakamira ipapo ndakadzitarisa, dzakaswewera pedyo, nepedyo. Zvadarwo dzakatendeuka ndokufamba dzichienda musango. Zvino ndakangomira ipapo, ndisisina neremuromo, ndingati.

¹¹⁶ Zvino padzakaenda, Izwi riya rakataura zvekare, iro zuva richipenya kumusana kwangu, rakati, “Warangarira vimbiso yako, hauna here?”

¹¹⁷ Ndikati, “Hongu, Ishe, ndarangarira vimbiso yangu. Ndinoziva kuti ndiMi. Ini handisi kuKuonai, Ishe, asi Muri pano pane imwe nzvimbo.” Ndikati, “Handisi kuKuonai, asi ndiri kunzwa Izwi reNy. Ndinoziva kuti Muri pano.”

¹¹⁸ Ndokuti, “Iwe wachengeta vimbiso yako, warangarira vimbiso yako—yako. Ndicharangarira yaNgu, zvakare. Handife ndakakusiya kana kukurega wakadaro.”

¹¹⁹ Oo, ini zvangu, handina kumbobvira ndakanzwa zvimwe chete kubva ipapo! Ndakadzika kubva mugomo. Masikati ose, chiratidzo pamusoro pechiratidzo zvakaitika, zvichitora nzvimbo. Ini ndakadzika pasi. Zvinotaridzika sekunge zvinhu zvese zvakabva zvasiyana kubva ipapo. Mu—mutoro wakaenda.

¹²⁰ Paya shumiro payakauya kekutanga kwandiri, nekunzwa ru—ruoko rwemunhu, zvazvaiva, maiva nehupenyu maari, uye—uye toziva kuti zvakafamba sei.

¹²¹ Umwe husiku, muCalifornia, ndakanga ndakagara nemhuri yekwaMalicki, Hama Moore vanorangarira neHama Brown, mhuri yekwaMalicki. Zvino mudzimai mudiki aizova nechirwere chemuzvere chekuzvimba makumbo, shure kwekusununguka. Uye nda—ndakange ndamuti atambanudze ruoko rwake, ndikati, “Hechoka icho, uri kuona kubvundirira kwacho. Waona?” Zvino ndikati, “Iwe, uchabatira chirwere chemuzvere chekuzvimba makumbo.” Ndikati, “Chiri kutoshanda mauri.” Zvino akachibatira, akapotsa arasikirwa nehupenyu hwake.

¹²² Zvino Hama Malicki vakati kwandiri, vakati, “Hama Branham, munozviita sei izvozvo?”

Ndikati, “Handizive. Handigone kukuudzai kuti zvakamira sei. NdiMwari.”

¹²³ Zvino saka ndakatambanudza ruoko rwangu saizvozvo. Ndikati, “Pano, heuno mudzimai wangu, ndinoziva hapana chakakanganisika paari. Isa maoko ako pamusoro peangu, mudiwa.” Uye akazviita, zvino ipapo bundu rakabvundabvunda, kubva kune zvehudzimai. Zvino ndikati, “Mudiwa, une bundu, mudiwa, munhengo dzemunhukadzi.”

Zvino akati, “Ini—ini handisi kunzwa zvinoratidza.”

¹²⁴ Ndikati, “Mudiwa, hezvino izvi zviru paruoko rwangu. Simudza ruoko rwako mudenga.” Akasimudza, ndokurwudzorerwa pasi zvakare. “Wazvionaka?”

¹²⁵ Zvakanaka, patakaenda, takadzoka kumba, tine shamwari yakanaka kwazvo chiremba; ndakaenda kuchikoro naye. Takaenda naye ikoko, kunoongororwa. Akati, “Billy, hapana chakaipa paari.” Akati, “Zvaari akatonaka. Hapana bundu ipapo.”

¹²⁶ Ndikati, “Sam, handidi kupokana shoko rako, unoona, nekuti wamuongorora, asi pane bundu ipapo.”

¹²⁷ Munhu wese, papfuura makore matatu kana mana, pandinoenda kunoongororwa muviri wangu, pandinoenda mhiri kwemakungwa, mudzimai anoenda neni kunoongororwa. Uye pakudaro, harina kumboonekwa.

¹²⁸ Zvino angaita makore maviri apfuura, ndakapinda rimwe zuva, zvino ini—ini ndinofanira kutaura chokwadi chese. Munooni, haudi kungonyenyeredza chero chinhu, unofanira kutaura chokwadi chese. Uye ndakuratidzai,

rudo rwangu kumudzimai wangu. Asi zvakadaro tinofanira kutarisa muzvinhu izvozvo. Ndiri kukutaurirai chokwadi. Baba veKudenga, Vanova Chapupu changu ipo pano zvino, vanoziva kuti ichokwadi. Oo, pamba, zvazviri, zvingori *izvi, izvo*, nezvose! Mudzimai mudiki anonzwisa tsitsi ari kupfuura nemukushanduka kwehupenyu panguva ino, kuguma kubara kwemudzimai.

¹²⁹ Zvino kwemakore mashoma apfuura, angaita makore maviri apfuura, apo patakava nekuongororwa kwemuviri, zvino chiremba akawana bundu panhengo yechibereko yekuruboshwe. Rakanga rakura kuda semakuriro aka—akaita nyimo. Akati, “Regai ndiriongorore zvekare, Hama Branham.” Akati, “Ingaita mwedzi mitatu, kana rikaramba richikura, rinofanira kubudiswa.” Zvakanaka, zvino isu . . .

¹³⁰ Asi izvi zvisati zvaitika, ndine chimwe chinhu chandinoda kukuudzai. Ndazvikanganwa izvozvo. Rimwe zuva ndakapinda, uye kubva pamba, zvino ndakapinda kuti ndiite chimwe chinhu, zvino ndakatendeuka zvino ndokubuda panze. Zvino ndakati . . . Iye akati, “Ungaenda neni here kudhorobha, Bill?”

Zvino ndikati, “Kwete iko zvino, mudiwa.”

¹³¹ Zvino iye akati, “Ko tichazoitei nezvaBecky, *zvakati-zvikati?*”

Ndikati, “Zvakanaka, mudiwa, ini handitombozive zvekuita.”

¹³² Zvino pakava nechimwe chinhu chakamuka, uye aihuta-huta zvakanyanya zvekuti aitotadza kuzvibata akadzikama. Vanhu vari pamba, husiku hwese. Uye sehusiku hwamarimwezuro, kunyangwe na one o'clock mangwanani, hepano paiva nevanhu vaivepo, mese mumba, nepane mahwindo uye neese . . . Saka ipapo aihuta-huta kwazvo, zvino akataura chimwe chinhu kwandiri, zvine hashu, izvo zvaaisafanira kuti ataure. Maona? Akati, “Zvino, Bill, unogara wakaenda, uye ini ndinofanira kuchengeta vana ava pachangu.” Akati, “Hautombogari pano. Hatigone kuita sarudzo dzedu pamwe chete. Iwe pamwe unenge wabuda, waenda . . .” Zvino akatanga kuchema, ndokupinda mukati, akavhara musuwo.

¹³³ Pakare ipapo ndakabva ndati, “Oo, munhu mudiki anonzwisa urombo!” Ndikati, “Ini zvangu, ndinofanira . . .” Zvino ndakatanga kubuda panze.

¹³⁴ Zvino Rakati, “Verenga Makoronike eChipiri 22.” Paiva apo Miriamu akatsiura Mosesi, nekuda kwekuroora musikana wekuEthiopia; zvaive nani kuti baba vake vamusvipire kumeso kwake, pane kuita izvi.

¹³⁵ Zvino nda—ndakadzokera mukati, ndikati, “Mudiwa, wataura chinhu chisiri icho.” Zvino aichema. Ndikati, “Wataura chinhu chisiricho, mudiwa. Mwari vari kuzoita kuti

uchibhadharire. Haufanire kunge waita izvozvo. Ini ndiri kushushikanawo pachangu. Iwe haufanire kunge wataura izvozvo.”

¹³⁶ Zvino iye akati, “Zvakanaka, Bill, ndi—ndinokanganisika kwazvo.” Zvino ndakangotendeuka ndokufamba ndichidzokera, nokuti ndaiziva kuti akanga asiri mumamiriro ekuzvigamuchira, saka ndakadzokera panze.

¹³⁷ Zvino kuongororwa kwakatevera, unenge mwedzi mushure maizvozvo, kwakaratiidza bundu.

¹³⁸ Gore rapera, hezvo rakadzoka zvekare. Paakazviedza zvekare, zvino raive rakura zvokusvika raita seranjisi. Chiremba akati, “Usarambe uchimunonokera zvakare. Unofanira kuvhiya. Ibundu riri kukurumidza kukura, rave kenza. Kana rikawana chikafu, uye rikakohekera parutivi, uchaitei?”

Ndikati, “Chiremba, tine kutenda muna Mwari.”

¹³⁹ Handina kumbobvira ndakazvitaure kuchechi, kana chinhu, ndakangozvisiya zvakadaro. Takatanga kunamata. Zvino ndikati, “Ishe Mwari, tibatsireiwo, ndapota. Ndinonamata kuti Mutibatsire,” uye nokungoenda saizvozvo. Bundu rakaramba richingokura.

¹⁴⁰ Zvino patakasimuka kuenda kuTucson, chiremba wedu wekumba akatumira shoko kuna chiremba shamwari yake ikoko, akati, “Kana . . . Unofanira kubvisa bundu iri kubva pana Mai Branham, izvozvi.” Akati, “Kana ukasadaro, richapedzisira rave kenza.” Ndokumuudza, akati, “Bundu racho ratokura, mugore rimwe chete, kubva pakukura senyimo kusvika rakura zvingaita segirepifurutu,” raive rakura kwazvo. Herinoi iro, rakabudikira kunze parutivi rwake, *kudai*. Uye rimwe zuva . . .

¹⁴¹ Iye—iye akanga asiyana nazvo, zvokuenda; Ndikati, “Edza . . .” Takanamata. Takachema. Takakumbira, zvese, hapana chakaitika. Zvino aive ave kuenda, aifanira kuenda pekupedzisira . . . regai tione, nezuro. Hongu, nezuro akaenda kwachiremba kekupedzisira. Ndikati, “Zvakanaka, ndinovenga kuzviita, asi isu pamwe zvichida tichafanira kutobvuma. Uyezve, mudiwa, ucha—uchazongofanira kuti—kuti ubvume, kuti uve ne . . . uite kuti rigobuditswa, nekuti riri kukura zvakananyanya, kutenda kwedu hakuna kukwana.”

¹⁴² Saka, marimwezuro, ndisati ndabva, ndichiziva, akati, “Usandifonera kusvikira wapedza shumiro yaHama Jack husiku ihwohwo, zvino wozondiudza kuti imhando rudzii yemusangano wawava nawo, uye kuti vanhu vari sei zasi kuShireport. Ipapo,” akati, “ndichakupa zvinenge zvataurwa nachiremba.”

Ndikati, “Zvakanaka, mudiwa.” Uye ndakadzorerera runhare.

¹⁴³ Nezuro, marimwezuro, pandakatanga kubva ikoko, mumba, ndakapinda zvino . . . Nguva dzose patinobva, vana vese nesu tese tinoungana pamwe chete topfugama imo mese mukamuri,

uye tonamata. Uye Ishe, tinoudza Ishe... Kana ndichienda mhiri kwemakungwa, ndinoti, “Ishe Jesu, chengetai mhuri yangu.” Uye ivo vanondinamatira, kuti Mwari vandibatsire, kuti tizosangana pamwe chete zvekare. Zvino vana vose vanotanga kuchema nezvakadaro, munoziva, nokuti, munoziva zvazviri.

¹⁴⁴ Taura nezveMutungamiriri wenyika Kennedy achipfurwa? Ndaitozofanira kuchengetedzwa kakawanda kubva pakupfurwa neinfrared scope, pamwe kure mayadhi mazana matatu kana mana, panguva yehusiku. Vanotogona kuona zvakafanana sezvavanogona panguva yemasikati, kuburikidza nespotter scope husiku. Uye ndakanga ndiri kunyika dzechiKatorike uko vasa vanopfuurira mwezo nezvimwe zvose, zasi muMexico uko vakatitumira ikoko, uye ndokutumira shoko, mashoko eteregiramu akanyorwa nezvose hazvo, “Tichakuwana manheru ano,” uye nezvimwe zvakadaro, vachipinda nekubuda, uye vachinditsvaga. Uye pamwe zvichandiwana pane imwe nguva. Izvozvo zvakana. Asi ini ndine Chimwe chinhu chichandichengetedza kana nguva iyoyo yasvika, munona.

¹⁴⁵ Zvino ipapo pandakatanga kubva zvekare, ndingori ndega, rimwe zuva, ndakapfugama pasi, marimwezuro, uye ndakapfugama mukamuri. Zvino ndakatarisa-tarisa. Ini ndaive ndavapo kwemazuva mashoma, ndakasurukirwa, pasina munhu ipapo pamba. Zvino ndakati, “Baba Vekudenga, ndi—ndinomata kuti iMi muve netsitsi zvino, uye mundibatsire. Ndiri kuenda zasi kuShreveport kunoita zvose zvandinogona kubatsira Humambo Hwenyu.” Ndakati, “Inguva dzakawanda zvakadzi mudzimai wangu neni tichipfugama pano mukamuri ino seizvi! Tonamata. Zvino nhasi ndakasurukirwa kwazvo naye.” Uye ndikati, “Mangwana anopinda mukati, uye zvimwe handigone kupedza misangano yangu, nokuti pamwe achandeswa kuchipatara, nokuda kwebundu guru iri ratakaKukumbirai kuti mubvise. Riri kukura nekukura, kusvikira zvino rinofanira kubviswa.” Zvino ndikati, “Nda—ndakumbira kwaMuri.”

¹⁴⁶ Zvino ndakati, “Ishe, kana akataura chinhu chisiri icho, apo iye...apo paya, ndaive ndakakanganisika. Kana akataura chimwe chinhu chisina kunaka,” Ndikati, “Ishe, chimbofungai, haana kana nguva imwe chete, hapana nguva imwe chete yaakambotaura chinhu chimwe kwandiri ndichienda kumisangano yeNyu.” Ndakati, “Muchadaro... Anogara nguva dzose aine mbatya dzangu dzakachena uye dzakagadzirira; uye anondibata neruoko rwake, uye ochema achinamata, uye oti, ‘Dai ndaigona kuita chimwe chinhu kubatsira Ishe!’” Uye ndakati, “Tarisai chihano chake, Ishe. Uye musa—musazviita. Musadaro, ndapota musadaro, Ishe.” Zvino nda—ndakati, “Mwari, mubatsirei, ndinonamata kuti Mugova netsitsi kwaari. Zvino kana iye achizopfuura nemukuvhiyiwa kuya, mubatsirei kuyambuka, Ishe. Kana ndikarasikirwa naye zvino, handizive kuti ndinozodii. Ndiri—ndiri murume akwegura. Uye nevana

vadiki vanoda kurerwa, zvino ndinoitawo sei? Ivaiwo netsitsi kwaari, Ishe. Imi munoziva kuti ndinomuda sei.” Uye ndikati, “Ndi—ndinongonamata kuti iMi mumubatsire.”

¹⁴⁷ Zvino pandakanga ndichinamata, ndakanzwa Chimwe chinhu chichiti, “Simuka netsoka dzako.” Zvino ini ndakaenderera mberi, ndichinamata, nekuti nda—nda—ndakafunga kuti pamwe ndafungidzira izvozvo. Zvino pandakaramba ndichinamata, Chimwe chinhu chakati, “Simuka netsoka dzako.” Zvino ndakamira kunamata, ndokutarisa mudenga. Uye mufananidzo waKristu, mumwe chete uyo. . .

¹⁴⁸ Handina kumbobvira ndakaita hany’n’a nemufananidzo waSallman. Ndi—ndinofarira mufananidzo waHofmann, *Musoro Pamakumi Matatu nematatu*, munoziva. Uye ndine mufananidzo mukuru wawo, nekuti, pandakaMuona muchiratidzo panguva iya, ndiyo nzira yaAitaridzika nayo. Zvino hoyo pawaiva, ndakauisa pokuti iYe anenge akanditarisa pandinenge ndichinamata, mumufanidzo uyu.

¹⁴⁹ Zvino ndakatarisa kumusoro ikoko, zvino ndakatarisa kumufananidzo. Uye ndakatarisa kwese-kwese. Ndakafunga, “Changa chiri chii ichocho, ‘Simuka netsoka dzako?’” Ndakafunga, “Zvakanaka, ndichasimuka netsoka dzangu.” Zvino ndakasimuka netsoka dzangu.

¹⁵⁰ Ringori Izwi rimwe chete rakataura kumusoro uko pachikomo husiku huya, Mumwe chete Uyo anogara achiuya. Ndakati, “Ishe Mwari, anga ari iMi here manga muri kutaura kune muranda weNyu?”

¹⁵¹ Iye akati, “Chingotaura shoko, uye ipapo hapachazovi nebundu zvachose.”

¹⁵² Ndakamira ipapo zvishoma, kuti ndizvidzikamise. Vazhinji venyu munoziva, muno, nevanhu vari mutabhenakeri vanoziva zvazvaive, kuti aiva naro. Ndakati, “Zvino ndinotaura, nemuZita raIshe Jesu Kristu, kuti bundu iroro richamusiya.” Raimunetsa zvakananyanya, aiva arere pamubhedha kwemazuva matatu kana mana, naro. Ndikati, “Havatombowani kana muhwezva waro. Nokuti, Ishe Mwari wangu, Anova Musiki, Anogona kumisa mhapo nemadutu, uye anogona kutsiura makungwa, nekuunza izvozvo, Ndiye Musiki wematenga nyenika. Uye ndinoMuda nekuMutenda, uye ndinotenda kuti nguva yacho yave pedyo apo zvinhu izvi zvichaitika. Zvino iMi, maikwanisa kusika tsindi nekuiita kuti ivepo, munogona kubvisa muvengi obva asavapo.” Ndakati, “Apo dhiyabhore paakazviputira mudutu. . .Mhapo chisikwa chaMwari. Mvura chisikwa chaMwari. Asi dhiyabhore akapinda mairi, ndizvo zvakazviita, uye akaisa ku—kusagadzikana mugungwa, saizvozvo.” Ndakati, “Imi maikwanisa kuidzikamisa. Uye iMi makakwanisa kudzikamisa izvozvo, munogona kubvisa bundu

kubva pamudzimai wangu. Zvino ndinoti izvozvo zvapera iko zvino, harichatombowanikwi zvachose. Zvapera.”

¹⁵³ Ndakabva ipapo ndine kugutsikana, ndikaudza mwanakomana wangu nemuroora. Takauya zasi kuno, zvino husiku hwapfuura ndakamhanya kuno nekukasika chaiko kuti ndive nemusangano; ndikadzokera, ndikamufonera. Uye iye haana chaakanga ati aziva pamusoro pazvo. Handina kumuudza.

¹⁵⁴ Zvino paakafona, akanga achingofara kwazvo. Iye akati, “Billy, ndine chimwe chinhu chandinoda kukuudza, mudiwa.” Iye akati, “Hapana kana chiratidzo chimwe chete chebundu chasara papi zvapo. Chiremba ati haana kumboona kana chinhu.” Akati, “Ndafara kwazvo! Uye Mai Norman nehanzvadzi dzakawanda pano, vaviri kana vatatu vavo, vaiva nesu kuno mukamuri.” Iye akati, “Chiremba ati, ‘Uye imi munoreva kudaro! Handigone kuzvinzwisisa. Mwedzi wapfuura, raiva bundu ipapo rakanga rakakura segirepifurutu.’ Uye akati, ‘Mai Branham, ivai nekugutsikana, hapana kana chiratidzo chimwe chete zvacho chebundu pamuri, zvachose.”

¹⁵⁵ NdiIshe Mwari wedu! Zuva rekupa kutenda? Oo, tinotenda Mwari nechipo chaJesu Kristu, Chipo chepamusoro-soro chinova chimwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi! Ichokwadi. Handitende mune kupika nematenga kana nyenika, kana chimwe chinhu. Asi neBhaibheri riri pamoyo pangu, uye naMwari Uyo wandinoda, anoziva kuti shoko rega-rega raizvozvo nderechokwadi zvemazvirokwazvo. Zuva rekupa kutenda! Pandaifunga mangwana ndinenge ndine, kana mazuva mashoma anotevera, ndinogona kuzofanira kusiya musangano, ndichienda. Handaikwanisa kana kuvimbisa vanhu kuti ndaizodzoka nenguva yeKisimusi, kumusha, kuitira vana vangu, kuvaunza kumusha zvekare kuKisimusi; ndichiziva, ndichidedera pakadzika pemoyo wangu, kuti kuvhiyiwa kwaive kwakamirira mudzimai wangu, aine bundu rakakura segirepifurutu. Zvino herinoi iro.

¹⁵⁶ Uye Shoko chairo raMwari, rakati, “Taura chaunoda, uye zvichava saizvozvo.”

¹⁵⁷ Zvino ndakati, “Bundu raenda. Havachatomboriwani zvachose.”

¹⁵⁸ Zvino raenda, nhasi. Zvino chiremba anovhiya wepamusoro-soro navana chiremba vepamusoro-soro vaivepo pavashandi ava muTucson, Arizona; apo, mazuva mashoma apfuura, pakanga paine bundu guru, rakakura sokudai. Zvino chiremba mumwe chete haana kuwana kana muhwezva waro zvachose, uye akanyora chirevo chepachena seichi, kuti, “Mai Branham havana chiratidzo chebundu, chero papi hapo zvachose.”

¹⁵⁹ Oo, kupa kutenda kuna Mwari! Iri izuva rekupa kutenda, kwandiri. Kuziva, pamusoro pazvo, rimwe zuva chiso chidiki

chiya chandakarooro uko, kubwinya kuna Mwari, rimwe zuva mavanga aya ekuchembera erufu achanyangadika, uye tichange tiriko mumufananidzo wehudiki, uye hatichazochemberi zvekare. Zvino chipo chaMwari, kuburikidza naJesu Kristu, cheMweya Mutsvene uyo watakagamuchira zvino, ndiwo unotipa iyi, hoko iyi.

¹⁶⁰ Zvino tarisai pazviri nhasi, shamwari. Munotaura nezvevanhu vanotenda. Isu tinofanira kuva vanhu vanonyatsotenda kudarika munhu wese ari munyika. Kunze kwekupodzwa, kunze kwezvinhu izvi zviri kuitika, chii ichocho? Ndiyo gutsikano yemazvirokwazvo yekuti Mwari mumwe chete, kubudikidza nehunhu humwe chete, Shongwe yeMoto imwe chete, Mutumwa waMwari mumwe chete, Jesu mumwe chete zuro, nhasi nekusingaperi, ari kuita zvinhu zvimwe chete, neSimba rimwe chete, kuburikidza neZita rimwe chete. Ihoko yakadii yemunhu wemukati, yakasimba uye yechokwadi! Dai Ishe Mwari weKudenga akuropafadzai zvakanyanya, mumwe nemumwe.

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹⁶¹ Ishe, ndinotenda zvikuru, Ishe, ini—ini handizive kuti ndotaura kuti kudii. Handitongogoni kuzvitaure. Apo rwiyo rwuya parwaimbwa nguva yapfuura, uye ivo vanhu vachiimba rwiyo irworwo; mumoyo wangu, mangosvetuka nemufaro. Zvino chapupu chauya pamoyo wangu. Uye zvino, Baba veKudenga, iMi munoziva zvinhu izvi kuti ndezvechokwadi. Imi munoziva, kubva pakadzika pemoyo wangu, kuti, uye kuti ichocho ichokwadi. Handina chikonzero, Ishe, chekuvaudza chimwe kunze kweicho chinova chokwadi. Uye ndinonamata, Mwari, kuti nhasi . . . dai moyo wangu wanzwa kuona hama nehanzvadzi idzi dzose dzeChikristu pano, vanova hama dzangu nehanzvadzi dzangu muzvisungiso zvaKristu, vafare pamwe neni, nekupa kutenda, nokuda kwemudikani wangu mudiki [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] achengetedzwa. [Chibenga chisina chinhu patepi.] . . . nyika ngairumbidze Mwari. Regai zvisikwa zvirumbidze Mwari! Regai zvole zvine hupenyu, zvirumbidze Mwari uye muve nekutenda nekuda kwenguva huru iyi yatinayo.

¹⁶² Baba Vekudenga Vanodikanwa, apo ndinoona apo pane mukomana muduku akagara pano muhwiricheya. Pane vamwe vari muno vari kurwara uye vane zvisihuwo. Uye sezvaMuri Mwari weruponeso rwemweya yedu, Muri Mwari anopodza zvirwere zvedu zvole nematambudziko edu. Uye Muchiri . . . nezvapupu izvi, chingori chimwe chete kana zviviri, apo zviri zvinosvika muzviuru, izvo muranda weNyu akazvininipisa akaKuonai muchiita pamwe nekubata, pasina chipomerwa chimwe chete mazviri, chero kupi hako. Uye tinoziva kuti iMi muchiri Jehovha-Jire, uye Makatopa nechekare Chipiriso chekupodza. Mwari mumwe chete akabvisa bundu riya parutivi rwemudzimai wangu, mungori Mwari mumwe chete ipo

pano paShreveport sezvamuri kuTucson; uye zvisinei ndaiva mamaera, zviuru zviviri zvemamaera kubva paari panguva iyoyo. Ndinonamata, Mwari, kuti Hupo hweNyu hutsvene huzadze tabhenakeri ino nhasi, neSimba rinopodza, kuti ripodze munhu wese ari kurwara ari pano, kuti maropafadzo ekupa kutenda aya aenderere mberi kurira, shure membero, munyika yose, Ishe, kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi. Zviitei, Mwari veKusingaperi.

¹⁶³ Zvino sezvo imi vanhu makagara muno, isai maoko enyu mumwe pane mumwe uye munamate. Zvibanidzei pachenyu pamwe chete nekubatana kwekutenda muHupo hwaMwari, uye rangarirai kuti mumwe nemumwe wenyu makaitirwa rombo rakanaka. Mwari vachanditonga, kuti ndakuudzai chokwadi here kana kwete. Zvakambokundikana here, ndakambokuudzai chimwe chinhu here kunze kwezvakaiteka?

¹⁶⁴ Sekutaura kwakaita Samuero panguva iya, sepaya pavaizoita ma—mambo, Sauro. Akati, “Ndakambokuudzai here chero chinhu Muzita raShe, asi izvo zvakaiteka? Ndakambokukumbirai mari yenyu here, kuitira chikafu changu?” “Kwete, Samuero, asi tichiri kuda mambo. Isu tichiri kuda mambo wedu wepanyika.” Zvino Samuero aiziva kuti Mwari ndiye aiva Mambo wavo.

¹⁶⁵ s Ndinokuudzai, mangwanani ano, vanhuwee, ndinokudzorerai kune zvakamboiteka, makamboona here chipo chaMwari chakakundikana pane imwe nguva, chataverenga nezvacho mangwanani ano? Kwete, changamire. Ndi Jesu Kristu, hachigone kukundika. Sainzi yakazviratidza. Kereke inozviva. Uye Ari pano izvozvi, paminiti ino. Ari pano. Zvino chinhu choga charinoshaya ndechekuti kutenda kwako kunhonge Shoko iroto uye woRizodza kwauri, zvino iYe achakupodza.

¹⁶⁶ Zvino nemaoko enyu ari pamusoro pemumwe nemumwe wenyu, danidzira kuna Mwari, nemoyo wako wose, uye uti, “Ishe Mwari, Musiki wematenga nenyika, iMi Munogona kumisa dutu, makore zviuru zviviri zvakaifuura, Makazviita uye Munozviita zvekare iko zvino. Uye Munomisa hurwere hwangu. Munondipodza. Zvino ndinotenda mumoyo mangu nokuda kweNyu, Mwari Samasimba.”



CHAPUPU SHO63-1128M
(Testimony)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu China mangwanani, Mbudzi 28, 1963, paLife Tabernacle muShreveport, Louisiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org